**Ádebiyatlar**

1. Баяндиев Т. «Современные проблемы театра». Т., ГИИУз, 2008.
2. Алланазаров Т. «Қарақалпақ театрында миллий режиссураның қәлиплесиўи». Н., Билим. 1996.
3. Алланазаров Т. «Некоторые вопросы истории каракалпакской драматургии». Издательство «Каракалпакстан»,1987 г.
4. Турсунов Б. «Қарақалпақ драматургиясы ҳәм театрының раўажланыўына аўдарма пьесалардың тәсири». Н., Қарақалпақстан. 1984.

**REZYUME.** Shekspirning tragediyalari orasida eng lirik hissiyotlarga boy, chin oshıqlarning muhabbatini tasvirlovchi klassik asari «Romeo va Julietta» Qoraqalpoq davlat yosh tomoshabinlar teatri sahnasida sahnalashtirildi. Bu klassik asarni sahnalashtirish orqali qoraqalpoq teatri ijodkorlarining qanchalik darajadagi iste'dod egalari ekanligi dalillandi.

**РЕЗЮМЕ.** Среди трагедии Шекспира на сцене юной публики Каракалпакского государственного театра была поставлена классическая трагедия "Ромео и Джульетта", изображающая самых лирических эмоции. Постановкой этого классического произведении доказано, насколько талантливы создатели каракалпакского театра.

**SUMMARY.** Shakespeare's tragedy and his lyrics dedicated to the play "Romeo and Julietta" were staged at the Karakalpak Theater. The theater premiered in a classical theater when new talents appeared in the theater.

## КИНО ӨНЕРИ ДӨРЕТИЎШИЛИГИНДЕ КИНОСЦЕНАРИЙДИҢ ӘҲМИЙЕТИ

**К.Заретдинов**- доцент,
**А.Жақсымуратова** – *магистр*
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер хәм мәденият институты Нөкис филиалы*

**Таянч сўзлар:** кинемотография, сюжет, сценарий, образ, фильм, характер, кульминация.
**Ключевые слова:** кинемотография, сюжет, сценарий, образ, фильм, характер, кульминация.
**Key words:** cinematography, plot, scenario, image, film, character, culminacion.

Кинемотографияның пайда болыўы менен көркем өнер жаңаша түске ийе болып, жаңа жетискенлик ҳәм имканиятларға еристи.

Қарақалпақстан Республикасының халық хожалығы, әдебият ҳәм көркем өнердиң тез пәт пенен өсип баратырғанлығын есапқа ала отырып, қарақалпақ халқының өмирин ҳәм де усындай тараўлардағы жетискенликлерин кинемотографияда сәўлелендирип барыў мақсетинде Өзбекстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң кинемотография бойынша мәмлекетлик комитетиниң 1970-жыл 19-февральдағы №45-санлы қарары менен Нөкисте Өзбекстан ҳүжжетли ҳәм илимий көпшилик фильмлер кино студиясының Қарақалпақстан филиалы ашылды. Өз алдына хожалық есабындағы кәрхана сыпатында киностудия 1970-жылдың 1-апрелинен баслап жумыс баслады. Сол дәўирден берли бир қатар дөретпелерди экранда сәўлелендирип, бул мийнетлери арқасында бир қатар табысларға жолдас болып киятырған киностудияны буннан былайда раўажландырыў ҳәм қарақалпақ кино өнерин өркенлетиў нийетинде 1990-жылы Өзбекстан ҳүжжетли ҳәм илимий көпшилик фильмлер киностудиясының Қарақалпақстан филиалы базасында «Қарақалпақфильм» киностудиясы дүзилди. [1.6] Кино синтетик өнер болып есапланып, оның тийкарын әдебият, музыка, сүўретшилик өнерлери, яғный, сценарий қурайды. Көркем сценарийде исленежақ фильмниң идеялық көркемлик жөнелиси ҳәм образлары жыйындысы өз көринисин табады. Демек, экранда қойылыў ушын жазылған әдебий шығарма сценарий деп аталады. Әмелге асырыў усылына қарай фильмлер төрт түрге бөлинеди:

1) көркем фильмлер;
2) ҳүжжетли фильмлер;
3) илимий фильмлер;
4) мултипликацион фильмлер.

Өткен әсирдиң 90-жылларына келип, қарақалпақ жазыўшы ҳәм журналистлериниң жаңа топарлары өзлерин кино жанрында сынап көре баслады.

Олардан О.Әбдирахманов, А.Султанов, М.Таўмуратов, А.Халмуратов, П.Қайыпов, С.Ембергенов, М.Садуллаев ҳәм басқалар бир неше ҳүжжетли фильмлер ҳәм кино журналларға сценарийлер жазды. Бурынлары

көркем фильмлерди сүўретке алыўда Өзбекстанның тәжирийбели қәнигелеринен жәрдем алынған болса, 2002-жылы сценарий авторы М.Нызанов болған «Танка» фильми «Өзбекфильм» киностудиясының техникасы жәрдеминде, қарақалпақ дөретиўшилери жаратқан дәслепки толық метражлы көркем фильм болды.

2009-жылы биринши рет киностудияның өз техникалық ҳәм дөретиўшилик күши менен кино драматург М.Нызановтың «Уры» атлы толық метражлы көркем фильми сүўретке алынды. Бул республика жәмийетшилигин оғада үлкен қуўанышқа бөледи. Буннан руўхланған дөретиўши топар усы жылы және бир көркем фильм «Курорт» фильмин суўретке алды. Бул студияның 40 жыллық тарыйхы ишинде айта жүргендей жетискенлик болды. М.Нызановтың қәлеминен дөреген булардан басқа да комедия жанрындағы «Қонсылар», драма жанрындағы «Қайсар», тарийхый жанрдағы «Өмирдиң үш пасылы», мелодрама жанрындағы «Мәргия» фильмлери бүгин өз тамашагөйлерине ийе болған кино бағымыздың сыпатлы ҳәм қунлы жемислеринен саналады. Булардан басқа «Елабад», «Илим аспанының жулдызы», «Миздақхан», «Труппадан театрға шекем», «Меҳир нуры», «Қараўымбет дузлары» «Биринши академик», «Қыссаханлар», «Әсирлер гүўасы», «Дәрья теңизге қуймағы дәркар» ҳәм усы сыяқлы кырыққа шамалас ҳүжжетли фильм ҳәм кишкенелер ушын 2005-жылы «Ериншек», 2006-жылы «Сахый шаҳзада» ҳәм 2007-жылы «Қасқыр ҳәм Түлки» мультфильмлерин де дөретти. Кино көркем өнериниң инсан санасы ҳәм ой-пикири, жәмийет турмысына тәсири шексиз екенлигин есапқа ала отырып, ғәрезсизлик жылларында миллий кинемотографияны да ҳәр тәреплеме раўажландырыў, бул бойынша зәрүр материаллық ҳәм руўхый шараятларды жаратыў бойынша әмелге асырылған кең көлемли ис-илажлар арқалы жаңа-жаңа фильмлер сүўретке алынбақта, олар арқалы тарыйхымыз ҳәм бүгинги турмысымыз бенен байланыслы түрли темалар сәўле-лендирилмекте.

Бүгинги кинемотография бул заманагөй инсан санасының экранда сәўлелениўи, дейди қәнигелер. [2.19] Буны қарақалпақ киносы тымсалында көре аламыз. Тийкарынан Муратбай Нызановтың 2011-жылы экранға шыққан «Қайсар» фильми сөзимизге дәлил болады. Бул фильмниң баслы қаҳарманы Сағынбай жоқарыда айтқанымыздай заман қаҳарманы талабына толық жуўап бере алады. Баслы қаҳарман Сағынбай фильм атынан-ақ белгили қайсар, яғный, өз нийети ҳәм ийгиликли ислерин әмелге асырыў ушын ҳәрекет еткен персонаж.

Бул образды, оның мийнеткешлигиниң, оның мийнетке кирисиўиниң гүўасы болған адамның өмирге талпыныс ҳәм пидайылық пазыйлетлери артады.

«Қайсар» дөретпесиниң тийкарғы идеясы да оның баслы қаҳарманы тымсалында көринеди. Яғный, автор бул шығармасы арқалы заман қаҳарманын анық көрсетиў ҳәм бәршени усындай мийнеткеш ҳәм иске пидайылық пенен хызмет етиўге, халқын абат етиўге шақырады. Соның менен бирге жеке исбилерменлик ҳәм фермерликти раўажландырыўға үлес қосып атырған мийнеткешлердиң хызметин хошаметлеў ҳәм баҳалаўды да көрсеткен. Автор өз шығармасында инсан ҳәрекетинен образ дөретиў ушын инсан психологиясын жақсы билиўи зәрур. Характерлердиң унамлы, унамсыз көриниси жәмийет ушын қандай ақыбетлер келтирип шығарыўын билиўи керек. Соған жараса өз қаҳарманларын хәрекетлендирип, тамашагөйге үлги мектеби сыпатында көрсетиўи лазым. Сценарист қолына қәлем алып кино шығарма жазғанында, ең әҳмийетли факторларынан бири, бул инсан характери болып есапланады. Бул бизиң дәўиримиздеги экран сахна өнеримиздиң баслы ўазыйпасы. Сондай жақсы характерди излеп таўып, шығармаларда көрсетиў керек. Буларсыз турмыслық ҳақыйқатқа тийисли кино эпопеяларды дөретиў мүмкин емес. Бирақ, олардың улыўма түсиниктеги сыпатлары ҳаққында шәртли түрде өз пикиримизди билдире аламыз. Унамлы қаҳарманлардың тийкарғы қәсийетлери қаҳарманлар өз заманының нызам-қағыйдаларына бойсынып, ҳәр бир үлкен өзгерислердиң баслаўшысы сыпатында сүўретлениўи керек. Соннан келип шығып, унамлы қаҳарманымыз халық мәпи жолында қәдем таслап, халықтың арзыў-әрманларына тилеклес болыўы керек. Инсан бахты ушын гүресиўи лазым. Буған ерисиў ушын өз үстинде тынбай ислеўи, мийнеткешлиги менен басқаларға өрнек болыўы дәркар. Унамлы қаҳарманлар дуньяқарасы бойынша оптимистлик қә-сийетке ийе болып, келешекке исеним менен нық қәдемататуғын ҳәрекетте болыўы шәрт.

Соны да умытпаў керек, қаҳарман кескин драмалық жағдайда да, басына тәшүйиш түскенде де мәртлерше гүрес жүргизе билиўи лазым. Буның менен ол адам қәлбиниң гөззаллығы, кеңлиги ҳәм ҳақыйқый адамгершилиги көринеди. Биз сөз етип атырған «Қайсар» фильминиң баслы қаҳарманы Сағынбай да усындай унамлы қаҳарман сыпатында унамлы қаҳарманның барлық талапларына жуўап береди. Ол жоқарыда атап өтилген унамлы образдың бәрше ийгиликли пазыйлетлерин жәмлеген персонаж ретинде шеберлик пенен ашып берилген. Унамлы хәм унамсыз қаҳарманлардың характерин ажырататуғын тийкарғы фактор – бул көркем изертлеў арқалы автор дүньяқарасына ажыралады. Бул ҳалат өз өзинен ўақыялар ҳәрекети арқалы келип шығады. Өз гезегинде қаҳарман характериниң толық сәўлелениўи автордың алдына қойған мақсетин ҳәм тийкарғы идеясын көрсетип береди.

Шығармадағы унамлы ҳәм унамсыз образларды санап өтетуғын болсақ, унамлы қаҳарманларға Сағынбайға жәрдем берген Назар аға, Сағынбайдың жолдасы Қалмырза, аўыл адамларынан Өтесин ғарры, Шыныгүл кемпир, Сағынбайдың келиншеги - Рәўшан, балалары – Қуўаныш, Рахима, журналист, Қалбийке, Ысмайыл, ал, унамсыз образларға тийкарғы қарсыласы Емберген бригадир, класласы Султан (соң айыбын түсинип жетеди), Ғәнибайлар киреди. Өз гезегинде бул қаҳарманлардың тоқнасыўы шығарманың ҳәрекетке байлығын ҳәм конфликттиң раўажланыўына түртки берип, ўакыялардың қызықлы түс алыўына себепши болған. Характерлерден көбирек драмалық характерлер, драмалық конфликтлер ҳәм драмалық образлар берилген. «Қайсар» фильми сценарий басқышынан өтип, үлкен экран шығармасы – фильм дәрежесине жетти. Бул фильм 2011-жылы экранға шықты ҳәм тамашагөйлер тәрепинен жақсы күтип алынды. Үлкен ҳәм киши экран көркем өнери және бир қунлы шығарма «Қайсар» менен байыды. Фильмниң қаншелли дәрежеде тамашагөйди өзине қарата алыўы әлбетте, оның өзеги болған сценарийге, авторға барып тақалады. Сол ушын да сценарийди фильмниң өзеги ҳәм денеси деп атайды. Талант туўылады. Талант даналарды келтирип шығарады. Сценарист биринши нәўбетте инсан психологиясын жақсы билиўи керек. Әдебият ҳәм көркем өнерди әпиўайы ғана емес сүйип үйрениўи зәрүр. Сценарист өз халқының өтмишин ҳәм бүгинги күнин экранда айқын жаратып берип, келешекке узатыўшы ғайраткер. [3.11] «Қайсар» шығарманың композициялық қурылысына тоқтап өтетуғын болсақ: Кирисиў бөлиминде баслы қаҳарман Сағынбай ҳәм «Дәўкемпир» ширкет хожалығы баслығы Назар аға менен сәўбети бериледи. Сағынбайға күш-қуўат бағышлап, оған жәрдем берген ҳәм оған мәсләҳәтлерин берген инсан Назар аға оған Искендер туўралы рәўият айтып, қалай болмасын алдына қойылған тосықларды жеңип өтиўди уқтырады. Фермер болып, салы егиўди адамларды жумыс пенен тәмийинлеўди алдына мақсет етип қойған Сағынбайдың характери автор тәрепинен кирисиў бөлиминде-ақ анық ашып берилген. Ол қайсар, өжет болғаны менен бул өжетлик әлбетте жақсы нийетлер жолында, ол соның менен бирге ҳақ кеўил ҳәм мийнеткеш инсан сыпатында көринеди.

Түйин - Сағынбайдың фермерликке талпыныўынан басланады, себеби усы пайыттан баслап оған қарсы шығыўшылар көбейеди, олардың бири тракторшы Султан, және Емберген бригадирлер. Олар Сағынбайдың жолында кесе турып түрли қарсылықлар көрсетеди, оның менен қасарысыўға дейин барады. Бул адамлардың ислери нәтийжесинде түйиннен туўылыўшы конфликтлер раўажланып барып, фильмниң қызықлылығын арттырады. Ўақыялардың кескин раўажланыўы шығарманың шыңы саналған кульминация писип жетилиседи. [4.119] Сценарийдиң кульминацион ноқаты - бул Сағынбайдың мийнетиниң жемисин көриўи, ақыр соңында шығарма оның нийетлериниң избе-из әмелге асып, унамлы жуўмақланыўы менен шешим табады. Қаҳарман бул жолда ҳәттеки өзи асырап отырған малларын, жигирма бес ақтерегин сатып, мийнеткешлерине ис ҳақы береди, және өз режелерин пухта дүзип, салыға қоса айғабағар ҳәм жүўери егип, олардың жетилисип шығыўында қызғын мийнет етип, ислерин булжытпай орынлап, соңында өзи күткен жемислерге ийе болады, нан өнимлери, балық ислеп шығарыўды жолға қояды ҳәм оларды пуллап, ислеген жумысшылардың ҳақыларын береди. Назар ағаға да қарызларын қайтара баслайды. Назар аға оның хәрекетлерин қоллап, өз мәсләҳәтлерин береди. [5.47]

Сценарий киноның тийкары, олсыз фильм жаратыў мүкин емес. Сондай-ақ, фильмниң

табысы бул оны үлкен экран арқалы жанландырыўда хызмет еткен барлық дөретиўши ҳәм техник топарлар, яғный, сахналастырыўшы режиссер, оператор, художник, композиторлар монтаж усталары, ассистентлер, пардозлаўшылар, жақтылық, сес қәнигелери, актер ҳәм актрисалар, бәршесиниң мийнетиниң жемиси, табысы, утымлылығы саналады. Қайсар Сағынбайды актёр Дәўлетмурат Қалқоразов жетик ҳәм шеберлик пенен атқарып шықты. Автор идеясы ҳәм дөретиўшилик топардың нәтийжесин көрсетиўши монтаж ислери де өз орнында арнаўлы-эффектлер, темпоритм ҳәм динамикалар шебер қолланылған. Сес, музыка ҳәм көринистиң үйлесимлилиги де сақланған.

**Әдебиятлар**


1. Муратбай Нызанов. «Кино калай жаратылды», Нөкис «Билим» 2014-жыл.
2. Баходир Аҳмедов «Кино: маҳорат поғоналари» Тошкент – 2010.
3. Ҳайдар Муҳаммад «Сценарист шеберлиги» (оқыўлық қолланба), Нөкис «Билим» - 2009
4. Қудайбергенов Мурат «М.Нызановтың повесть ҳәм гүрриңлеринде факт ҳәм образ», «Әмиўдәрья» журналы, 2012 жыл № 4 – саны
5. Jaqsimuratova, A. (2023). Kino san’atining so‘nmas yulduzi. Journal of Culture and Art, 1(1), 46–49. Retrieved from https://imfaktor.com/index.php/jocaa/article/view/38



**РЕЗЮМЕ.** Ушбу мақолада қорақалпоқ кино санъатининг ривожланиш босқичлари, яратилган асарлар ва улар ҳақида қисқача маълумотлар берилиб, асосан «Қайсар» бадиий фильмининг мазмуни баён этилади. Фильмнинг асоси бўлган сценарий ва унинг аҳамияти тўлиқ очиб берилади.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье приведены этапы развития каракалпакского киноискусства, созданные произведения и краткая информация о них, а также в основном описано содержание художественного фильма «Кайсар». Сценарий, по которому снят фильм, и его значение будут раскрыты полностью.

**SUMMARY.** In this article, the stages of the development of Karakalpak film art, the created works and brief information about them are given, and the content of the feature film "Kaysar" is mainly described. The script on which the film is based and its significance will be fully revealed.


## DASTLABKI KINOLARDAGI AUDIO-VIZUAL MAKON SHAKLLANISHI


**Q.Jumanov** - *o‘qituvchi*

*O‘zbekiston davlat san’at va madaniyat instituti Nukus Filiali*



**Tayanch so‘zlar:** ovozsiz kino, film, ovozlifilm, ovoz rejissyorligi, rejissyor, kino olami, tasvir, foto, kino san’ati.

**Ключевые слова**: немое кино, фильм, звукофильм, звукорежиссура, режиссер, мир кино, изображение, фотография, киноискусство.

**Key words:** silent cinema, film, sound film, sound engineering, director, the world of cinema, image, photography, cinematography


Jahonda sodir bo‘lgan ekran mo‘jizalaridan biri bu kino san’ati u ovozsiz oq-qora ranglarni o‘zida mujassam etib bugungi kunga qadar bir qancha rivojlanish bosqichlari bilan ancha mashaqqatli yo‘llarni bosib kelmoqda. Har bir sohada, kasbning imkoniyatlarini ifoda qilib beruvchi til uslublari, namoyish vositalari mavjud. Ushbu qonuniyat kino san’ati sohasiga ham taalluqli. [1.4] Kino rivojlanishining dastlabki davri odatda «ovozsiz» deb ataladi, lekin aslida kino hech qachon ovozsiz emas edi – bu faqat eshitilmas edi. Kino maydoni (kino monumenti maydoni) aslida hech qachon ovozsiz bo‘lmagan. Ma’lumki, Lumierlarning birinchi ommaviy kino namoyishlari pianina musiqasi bilan birga bo‘lgan. (Xuddi shu vaqtga kelib, sinxron taqlid shaklida ovoz formatlashning birinchi urinishlari, masalan, poyezd tovushlari, tortishish, portlashlar va boshqalar «sahna ortida».) Kino zalida uyg‘un musiqiy tovushning paydo bo‘lishining sababi nafaqat proyeksiyalovchi kameraning bezovta qiluvchi shovqini edi, tomoshabinda tirik, hayotiy makonda bo‘lish hissini yaratish muhimroq edi. Ekrandagi shovqinsiz soyalar ba’zida kinemotografga tashrif buyuruvchilarda haqiqiy qo‘rquvni keltirib chiqardi. Yozuvchi Maksim Gorkiy o‘zining ilk film namoyishlaridan biriga tashrifi taassurotini juda hayajon bilan ifodalagan: «Asablaringiz